

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa mangrupa mahluk anu nyiptakeun budaya. Kalayan maké akalna, manusa bisa mekarkeun kabudayaan. Kabudayaan ogé méré aturan pikeun manusa dina ngolah lingkungan kalayan maké téknologi hasil ciptaanana (Setiadi, 2005, kc. 37). Dina ngolahna, manusa perlu méré ngaran pikeun tempat sangkan bisa ngabédakeun antara hiji tempat jeung tempat séjénna. Salaku mahluk nu ngabogaan akal teu sagawayah waé méré ngaran kana tempat atawa daérah nu aya di sabudeureunana.

Ngaran mangrupa idéntitas manusa nu penting dina kahirupan. Salian ti ngaran dirina, manusa ogé moal leupas tina ngaran asal daérahna. Ku kituna, dina kartu idéntitas saperti KTP, SIM, malahan nepi ka tetenger kuburan, ngaran tempat asal daérahna moal leupas disebut dina idéntitas éta jalma. Ku ayana ngaran, antara manusa jeung manusa séjénna bisa dibédakeun idéntitasna.

Pentingna ngaran pikeun idéntitas aya ogé dina tempat. Tempat-tempat kayaning jalan, toko, apoték, rumah sakit, jeung sajabana boga ngaranna séwang-séwangan. Ngaran kana éta tempat téh mibanda tujuan pikeun idéntifikasi ogé komunikasi jeung informasi antar sasama manusa. Tujuan anu sarupa ogé dilarapkeun dina méré ngaran kampung, désa jeung sajabana (Rais, 2008, kc. 3).

Sistem méré ngaran kana hiji tempat atawa daérah, dikaji dina paélmuan nu disebut toponimi. Upama ngabahas ngeunaan toponimi, tangtuna waé moal leupas tina carita-carita rayat nu sumebar di éta patempatan. Masarakat teu padu méré ngaran kitu waé kana hiji tempat. Perenah géografis jeung kaayaan budaya mangsa harita, bisa jadi salasahiji faktor anu jadi dadasar masarakat méré ngaran pikeun hiji tempat.

Kabupatén Karawang salaku kota pangkal perjuangan mibanda ajén carita sajarah anu luhur, kitu ogé jeung Kacamatan Tegalwaru. Rupa-rupa ngaran tempat ngandung caritana séwang-séwangan. Carita-carita nu ngandung ajén sajarah anu luhur dipiharep bisa kakumpulkeun dina ieu panalungtikan.

Kacamatan Tegalwaru mangrupa pamekaran ti Kacamatan Pangkalan sabada taun 2005. Tegalwaru nya éta daérah pangluhurna di Kabupatén Karawang. Di kecamatan ieu ogé aya gunung nu ngaranna Sanggabuana (1.241 mdpl). Gunung ieu jadi wates antara Kabupatén Karawang jeung Kabupatén Bogor, Kabupatén Purwakarta, sarta Kabupatén Cianjur. Cindekna, sanajan Karawang kasohor ku masarakat nu ngagunakeun basa kasar saperti masarakat di pantura, di Kacamatan Tegalwaru mah basa nu dipakéna geus kapangaruhan basa Priangan ti Cianjur. Ku kituna, basa wewengkonna ogé leuwih lemes upama dibandingkeun jeung masarakat di Karawang beulah kalér.

Gunung Sanggabuana mangrupa wilayah pangluhurna di Kacamatan Tegalwaru (1.241 mdpl) nu dianggap karamat ku masarakat, boh ku masarakat Tegalwaruna, boh ku masarakat ti luareunana. Hal ieu dibuktikeun ku lobana ritual jeung kapercayaan-kapercayaan masarakat kana hal-hal anu dianggap mitos. Sanggabuana nu disebut-sebut panyangga bumi Sunda téh mibanda unsur magis. Ayana makam-makam jeung tempat-tempat karamat, ngabalukarkeun ieu gunung jadi tempat nu dianggap penting ku masarakat. Masarakat percaya, yén makam-makam di ieu tempat bisa jadi média nu ngahubungkeun antara manusa nu boga kapentingan jeung nu Maha Kawasa. Ku kituna, ieu gunung téh dianggap bisa nyumponan kahayang jeung pangabutuh masarakat.

Panalungtikan ieu penting pikeun dilaksanakeun, sabab toponimi bisa jadi salasahiji cara pikeun ngaguar sajarah lokal. Kabeungharan sajarah di Indonésia kiwari teu loba nu maliré. Heureutna pangaweruh jeung saeutikna *referensi* ngajadikeun carita sajarah lokal téh lalaunan bakal leungit bareng jeung akulturasi budaya di tatar Sunda. Sajarah lokal éta patempatan bisa diguar, nu satuluyna bisa dijadikeun hiji bahan pangajaran di sakola. Sajarah teu ngan saukur carita nu sumebar sacara tatalépa, tapi bisa dijadikeun carita nu sumebar sacara tinulis jeung bisa dibaca ku jalma réa.

Panalungtikan toponimi nu kungsi aya di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah diantarana “Sistem Méré Ngaran-ngaran Tempat (Toponimi) di Kota Sukabumi” (Agung Priyaguna, 2008); “Folklor Ngaran-ngaran Tempat di Wilayah Kacamatan Cimahi Utara Kota Cimahi pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita

Sajarah Lokal di Kelas VII SMP” (Mila Puspitasari, 2010); “Asal-usul Ngaran Tempat di Kota Tasikmalaya pikeun Pangajaran Maca Babad di SMA” (Galih Guntara, 2012); “Istilah Patempatan di Kacamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran” (Arif Rahman Wangsaputra, 2012); jeung “Ngaran-ngaran Patempatan (Toponimi) Dumasar Carita Rayat di Kecamatan Parung Kabupatén Bogor pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA” (Gilang Kripsiyadi, 2012). Salian ti éta, kungsi aya ogé panalungtikan toponimi di Kabupatén Karawang, nya éta “Folklore Ngaran Patempatan di Kacamatan Karawang Barat pikeun Bahan Pangajaran Kelas VII di SMP” (Sri Déwi Hardayani, 2011). Upama dibandingkeun jeung Kacamatan Karawang Barat, Kacamatan Tegalwaru béda pisan kultur kabudayaanana, sabab Tegalwaru mangrupa wates Kabupatén Karawang jeung wewengkon Priangan beulah wétan. Ku kituna, panalungtikan toponimi ieu penting dilaksanakeun di Kacamatan Tegalwaru.

Bascom dina Djanandjaja (2007, kc. 50) nyebutkeun yén carita rayat téh dibagi kana tilu golongan, nya éta: 1) mite, 2) légenda, jeung 3) dongéng. Tina sawangan Bascom téa, sajarah lokal téh bisa asup kana légenda, tapi dina katerangan lianna disebutkeun yén légenda téh mangrupa bagian tina dongéng, saperti nu disebutkeun Koswara (2010, kc. 59) yén dongéng digunakeun pikeun nyebut sakabéh kelompok carita tradisional, misalna carita tradisi bisa dipasing-pasing jadi tilu kelompok, nya éta: 1) mithe, 2) légenda, jeung 3) dongéng biasa. Dina Kurikulum 2013, *Kompetensi Inti* 10.4 nétélakeun yén “*Mengolah, menalar, dan menyaji dalam ranah konkret dan ranah abstrak terkait dengan pengembangan dari yang dipelajarinya di sekolah secara mandiri, dan mampu menggunakan metoda sesuai kaidah keilmuan*” nu dijéntrékeun deui dina *Kompetensi Dasar* 10.4.5 “*Menginterpretasi, menanggapi dan mengekspresikan dongeng sesuai dengan kaidah-kaidahnya secara lisan dan tulisan*” (Jurusan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI, 2013, kc. 2). Kalayan dasar KIKD éta, sajarah lokal wajib ditepikeun ka siswa SMA sangkan udagan pangajaran bisa kahontal kalayan maksimal.

Carita sajarah nu didéskrupsikeun éta téh, luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran SMA Negeri 1 Pangkalan dina maca sajarah lokal. Ku kituna, “*Analisis Folklor Toponimi di Kecamatan Tegalwaru Kabupatén Karawang pikeun Bahan Pangajaran Maca Sajarah Lokal di SMAN 1 Pangkalan*” penting dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan teu jauh teuing ambahanana, ieu panalungtikan diwatesanan, nya éta nalungtik ngeunaan ”Analisis Folklor Toponimi di Kecamatan Tegalwaru Kabupatén Karawang pikeun Bahan Pangajaran Maca Sajarah Lokal di SMAN 1 Pangkalan”, anu ngawengku:

- 1) ngaidéntifikasi toponimi nu ngandung carita rayat;
- 2) ngadéskrupsikeun carita rayat nu patali jeung toponimi;
- 3) ngaidéntifikasi carita rayat nu patali jeung sajarah lokal;
- 4) ngaimplikasikeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca sajarah lokal.

1.2.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan dirumuskeun dina sababaraha patalékan di handap.

- 1) Tempat mana waé nu ngabogaan carita rayat dumasar toponimi?
- 2) Kumaha déskripsi carita rayat dipatalikeun jeung toponimi?
- 3) Carita rayat mana waé nu aya patalina jeung sajarah lokal?
- 4) Kumaha nyusun bahan pangajaran maca sajarah lokal dumasar toponimi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang, rumusan, katut watesan masalah di luhur, tujuan panalungtikan ieu téh, nya éta:

- 1) sangkan bahan pangajaran leuwih ngirut pikeun siswa dina maham sajarah lokal nu aya di sabudeureunana;

- 2) mekarkeun deui paélmaan nu aya pakuat-pakaitna jeung kabudayaan Sunda dipatalikeun jeung disiplin élmu toponimi.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus anu hayang dihontal ngaliwatan ieu panalungtikan nya éta:

- 1) mikanyaho tempat-tempat nu ngandung carita rayat;
- 2) mikanyaho carita rayat nu sumebar di masarakat dumasar toponimina;
- 3) ngelompokkeun carita rayat nu ngandung sajarah lokal;
- 4) ngajadikeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca sajarah lokal di SMAN 1 Pangkalan.

1.4 Méthode Panalungtikan

Dumasar kana tujuan anu baris dihontal, méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis anu dipiharep dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun nambahan wawasan jeung pangaweruh ngeunaan toponimi tempat, hususna pikeun dunya atikan;
- 2) pikeun dunya pangajaran, bisa dijadikeun salasahiji alternatif bahan pangajaran di sakola.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun masarakat, sangkan ulah mopohokeun kana kabudayaan nu aya di Jawa Barat, nya éta hususna dina méré ngaran tempat di Kacamatan Tegalwaru, Kabupatén Karawang;

- 2) pikeun panalungtik, bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan salaku alat pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kabudayaan masarakat Sunda, hususna dina sistem méré ngaran tempat nu aya di Kacamatan Tegalwaru Kabupatén Karawang.

1.6 Raraga Tulisan

Skripsi ieu disusun jadi lima bab nu dipedar di handap ieu.

1) BAB I Bubuka

Dina bab kahiji hal anu dipedar nya éta ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, métode panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

2) BAB II Tatapakan Téori

Dina bab kadua hal anu dipedar nya éta ngeunaan toponimi, folklor, sajarah lokal, jeung pangajaran maca.

3) BAB III Métode Panalungtikan

Dina bab katilu hal anu dipedar nya éta métode panalungtikan nu ngawengku lokasi jeung sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan

4) BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Bahasan

Dina bab kaopat hal anu dipedar nya éta hasil panalungtikan jeung bahasan nu ngawengku deskripsi data jeung hasil analisis dumasar kana pola toponimi.

5) BAB V Panutup

Dina bab kalima hal anu dipedar nya éta kacindekan jeung saran nu jadi panutup ieu skripsi.